*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№158 (26610)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 1 сентябрь – рухæны мæйы 1 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСÆНАД
*Бафснайдтой «Зæдты горæт»*

3 МЫСÆН БОН
*Беслæн. Нæ рыст, нæ сагъæс*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Дзюдо*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

Хицауады æмбырд

# Мысæн мадзæлтты æдасдзинад



**Уыд РЦИ-Аланийы Хицауады радон æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Сæрдариуæг дзы кодта республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ сæ куысты фæдыл цы докладтæ скодтой, уым ныхас цыд ивгъуыд къуырийы бæрæггæнæнтыл æмæ социалон-экономикон цардимæ баст фарстатыл.**

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр.

– Ивгъуыд къуырийы дæргъы республикæйы æвирхъау цаутæ бæрæггонд не 'рцыд. Фондз районы 32 хъæууы дарддæр дæр тæссаг у зынгсирвæзтытæй. 24 августæй 30 августмæ ахуыссын кæнын бантыст 19 зынгсирвæзты. Хъыгдард дзы байиæфтой дыууæ адæймаджы. Регионы сæрмагонд службæтæ архайынц бæрзонд цæттæдзинады уавæрты. Цæгат Ирыстоны автоинспекцийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы фæндæгтыл æрцыд 70 фæндаггон фыдбылызы. Хъыгдард дзы байиæфтой 8 адæймаджы. Иу адæймаг дзы фæмард. Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтæ гом сты æппæт автотранспорты хуызтæн дæр. Республикæйы фæндæгтыл электронон рады æнхъæлмæ кæсынц 41 машинæйы. Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны арæныл уæлдæр амынд рæстæгмæ дыууæрдæм ахызтысты 32320 автотранспортон иуæджы æмæ 106905 адæймаджы, – загъта Томайы-фырт.

Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы ахуыссын кæнын бантыст 19 зынгсирвæзты. Уыдонæй 29 – хус кæрдæг сыгъд, 7 та – бырондæттæ. Хус кæрдæгыл арт кæй бандзæрста, уый тыххæй закъоны раз дзуапп ратдзæн иу адæймаг.

Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, 24 августæй 30 августмæ регионы æрцыд 142 фыдракæнды. Раргом кæнын дзы бантыст 69.

Республикæйы Сæргълæууæг Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрад, Росгварди æмæ иннæ структурæтæн бафæдзæхста 1-3 сентябры мысæн мадзæлтты æмæ 4 сентябры – Ног ахуыры азы фыццаг боны æдасдзинадмæ цæстдард фæкарздæр кæнын.

«Роспотребнадзор»-ы регионалон хайад фехъусын кодта, республикæйы эпидемиологон уавæр ныввыл кæй у, уый. Ивгъуыд къуыри ног коронавирусон инфекци бæрæггонд не 'рцыд.

РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй республикæйы æппæт астæуккаг ахуырадон скъолатæ дæр цæттæ сты ног ахуыры азмæ. Ног ахуыргæнæн чингуытæ уæрст цæуынц скъолатыл.

– 14 иумæйаг ахуырадон скъолайы байгом уыдзысты бындурон цалцæджы фæстæ, иу та рацарæзты фæстæ. Ацы аз 19 æрыгон ахуыргæнæджы, национ проект «Земский учитель»-ы фæлгæты, райдайдзысты кусын хъæуты скъолаты. Куыд æмбæлы, афтæ сæ алчидæр райста милуан сомы, – фæбæрæг кодта министр.

Сергей Меняйло министртæн бафæдзæхста, 4 сентябры иууылдæр скъолаты куыд уой, афтæ. Иунæг скъола дæр хъуамæ рохуаты ма баззайа.

РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимур** фехъусын кодта, «Лукойл» республикæмæ бензин кæй нал ласы, уый артаджы уавæрыл зынгæ кæй фæбæрæг.

Сергей Меняйло Хъараты Тимурæн бафæдзæхста, цæмæй карз цæстдард цæуа артаджы æргътæм.

– Кæд артаг æвгæнæн станцæйы бензин фæцис, уæд дзы ног бензин хъуамæ æхсæвыгон нывгæной, цæмæй адæмæн сæ бон райсом раджы артаг ныккæнын уа. Республикæйы цæрджытæн, куыд загътон, афтæ – 50 литры, уазджытæн та – 30 литры, – загъта регионы разамонæг.

Хъараты Тимур ма фехъусын кодта, зымæджы хъармгæнæн рæстæгмæ 85 проценты бæрц цæттæ кæй сты, уый. Ноджы ма кæронмæ фæхæццæ кæны Беслæны мемориалон комплекс «Древо жизни»-йы цалцæг.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Æнæниздзинад

# Æмгуыстады гæнæнтæ

**Республикæ Кæсæг-Балхъары Æнæниздзинады министрады делегаци Хуссар Ирыстонæн методикон æгъдауæй баххуыс кодта æвæстиаты медицинон æххуысæй. Уæрæсейы Федерацийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр Михаил МУРАШКО бахæс кодта Республикæ Кæсæг-Балхъары министрадæн Хуссар Ирыстон бабæрæг кæнын.**



Республикæ Кæсæг-Балхъар ахæм нысантæн хуымæтæджы æвзæрст не 'рцыд. Регион зынгæ бынат ахсы Уæрæсейы субъекттыты 'хсæн æнæниздзинады бирæ фарстаты. Республикæйы бæрæггонд æрцыд, зæрдæйы æмæ туджы низтæй, стæй сывæллæтты мæлыны цауты æппæты ныллæгдæр æмвæзад, адæймаджы цæрыны азты бæрæггæнæн та – уæлдæр. Уымæй уæлдай, регионы 30 медицинон организацийы æнтыстджынæй кусы хæрзхъæддзинады менеджменты системæ. Уый та ууыл дзуры, æмæ республикæйы медицинон æххуысы архайд кæй ис бæрзонд æмвæзадыл.

Кæсæг-Балхъар æмæ Хуссар Ирыстоны æмархайды фæзилæнтæй иу у – пациентты маршрутизацийы схемæ. Специалисттæ бакуыстой, рынчынтæн сæхимæ Цхинвалы рес-публикон бирæпрофилон медицинон центры æмæ республикæйы медицинон куыстуæтты дохтыртыл æрзилыны тыххæй ахъаззагдæр мадзал – æнтыстджын маршрутыл. Уыцы маршрут фадат дæтты рынчынтæн медицинон æххуысы райдайæнмæ рæстæг фæцыбырдæр кæнынæн æмæ медицинон лæггæдты хæрзхъæд æххуыс фæбæрзонддæр кæнынæн. Делегацийы сæргъы уыдис Кæсæг-Балхъары Республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Рустам Калибатов**. Делегацийы къорды уыдысты, амбулаторон æмæ æвæстиаты æххуысы дæсны специалисттæ, республикæйы егъаудæр медицинон организацийы разамонджытæ æмæ минæвæрттæ. Кæсæг-Балхъары медицинæйы æвæстиаты æххуысы архайд медицинон службæты куыстмæ дæр хуыздæр практикæйæн хаст æрцыд. Фембæлды рæстæг Хуссар Ирыстоны профилон специалисттимæ арæзт цыдысты ныхасы æмбырдтæ, æвæстиаты медицинон æххуыс æмæ оптимизацийы процессты мадзæлттыл кæм æрдзырдтой, ахæмтæ. Дыууæрдыгæй дæр фæнысан кодтой сæ дарддæры вазыгджын æмгуыстады архайды гæнæнтæ, æвæстиат æххуысы системæйы рæзты фарстатæ.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Цыбырæй

# Сæйраг хæстæн у сæ иу

**Нæ республикæйы 171 скъолайы райсдзысты информатикæйы, математикæйы, хими æмæ биологийы предметты кабинеттæм ног кусæндзаумæттæ.**



Уый тыххæй курдиат æрвыст æрцыд Уæрæсейы Ахуырады министрадмæ. Дзаумæттæ хъуамæ райсой 2027 азы. Ацы аз та ахæм хабæрттæй ифтонггонд æрцыдысты – национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-йы федералон программæ «Тæккæ хуыздæр – сабитæн»-ы фæлгæты – ныв кæныны, музыкæ æмæ физикæйы кабинеттæ.

Ахуырады системæйы рæзт у «Иугонд Уæрæсе»-йы Адæмон программæйы сæйрагдæр хæстæн сæ иу. Нæ республикæйы уыцы куыст райдыдта: цалцæггонд цæуынц скъолатæ, ахуырадон дзаумæттæ ивынц ногдæртæй, хъæздыгдæр кæнынц ахуырады фæрæзтæ æмæ гæнæнтæ.

# Дæсныйад рагацау равзарынæн

**Ног ахуыры азы Дзæуджыхъæуы райдайдзысты кусын архитектурон-арæзтадон кълæстæ. Профилы размæ æмæ профилон кълæстæ фыццагдæр скусдзысты 36-æм æмæ 38-æм скъолаты бындурыл. 7-æм æмæ 11-æм къласты ахуыргæнинæгтæн фадат фæуыдзæн арæзтадон æмæ архитектурон къабæзты практикон æгъдауæй зонындзинæдтæ райсынæн.**





Ахуыртæ цæудзысты Цæгат Кавказы хæххонметаллургон институты æмæ Цæгат Кавказы арæзтадон техникумы æрмадзты.

36-æм скъолайы директор **Цæллагты Тая** куыд зæгъы, афтæмæй развæлгъау профилизацийы фæрцы ахуырдзаутæ хуыздæр базондзысты арæзтад æмæ архитектурæйы куысты хицæндзинæдтæ, уый та сын феххуыс уыдзæн уæлдæр скъоламæ бацæуынæн: «Хуымæтæг къласы ахæм зонындзинæдтæ, нæ райсдзысты. Профилон къласы та сывæллæттæн уыдзæн дзæвгар æнцондæр фидæны дæсныйад равзарынæн», – загъта ма директор.

# Æмгъуыдæй раздæр

**Дзæуджыхъæуы бынæттон администраци бавнæлдта бындуронæй Осетинскаяйы уынг цалцæг кæнынмæ. Йæ дæргъ у 500 метры, уым ахæм цалцæггæнæн куыстытæ нæ кодтой 55 азы. Раст зæгъгæйæ, ранæй-рæтты дзы цыдæртæ æмпъызтой, фæлæ йæ фæндаджы тæлм æмæ инженерон коммуникацитæ та рагæй уыдысты бындуронæй базилинаг.**



Администрацийы куыд загътой, афтæмæй куыстытæ цæудзысты республикæйы доны хæдзарады специалисттимæ, уыдон уал ныридæгæн баивтой зæххы бын хызтæ. Ныр та уал подрядон организаци фæлгонц кæны тротуартæ, æвæры бордюртæ, зилы фæндаджы тæлммæ.

Уæлдай æргом здæхт цæудзæн цæрæн хæдзæртты алфамбылай фæзуæттæм, баласдзысты сæм саумæр, цæмæй дзы цæрджытæ садзой дидинджытæ, бынæттæ уой рæсугъд æмæ аив.

Контракт куыд амоны, афтæмæй Осетинскаяйы уынджы цалцæггæнæн куыстытæ хъуамæ ахицæн кæной ноябры мæймæ, фæлæ сæ подрядон организаци нысан кæны уыцы æмгъуыдæй раздæр фæуын.

**Нæ уацхæссæг**

## Дзырды фарн

*Бирæ дзураг æмæ бирæ куваджы иу кад ис.*

*ÆМБИСОНД*

Æхсæнад

# Бафснайдтой «Зæдты горæт»

**Беслæны теракты 22 азы номарæн цауы размæ, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы кусджытæ, сæ сæргъы – ГОБЕТЫ Ибрагим, афтæмæй архайдтой зиуы. Уыдон бафснайдтой Беслæны мемориалон комплекс «Зæдты горæт».**






Æфснайæн куыстыты æдæппæтæй уыдис 300 адæймаджы æххæстгæнæг хицауады оргæнтæй æмæ нæ республикæйы ахуырад æмæ спорты фæсивæдон организацитæй. Уыдысты дзы районы администрацийы, Артаг, энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады, Республикон бындурон цалцæджы æмæ Доны хæдзарады управленийы кусджытæ. Мадзалы архайджытæ æрæмбырд кодтой арæзтадон бырон, ссыгъдæг кодтой хус къалиутæ æмæ сыфтæртæй къахвæндæгтæ, ныхсадтой фæндæгты дур æмæ бырутæ, цыртытæ та – рыг æмæ чъизийæ.

– 22 азы размæ Беслæны æрцыдысты трагикон цаутæ. Уæдæй фæстæмæ алы аз дæр Уæрæсе æмæ æнæхъæн дунейы дæр мысынц, æнафоны мæрдты дуар чи байгом кодта, фыдгæнджыты азарæй йæ цард кæмæн аскъуыд, уыцы скъоладзаутæ, ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджыты. Иумæйаг хъарутæй абон бацархайдтам комплекс æртæ боны номарæн мадзæлтты райдайæнмæ бацæттæ кæныныл, – загъта Гобеты Ибрагим.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Социалон фондæй

# Иумæйаг пособи бафыстой

**Ацы аз Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад регионы бинонтæн иумæйаг пособи бафидынæн радих кодта 11,3 миллиард сомæй фылдæр.**

Амынд пособи нæ республикæйы исынц æвддæс азæй кæстæр 73,5 мин сывæллоны æмæ 2,3 мин æнхъæлцау сылгоймаджы. Уæвæн ис, æмæ фæцæрынæн хъæугæ æппæтæй къаддæр хæрдзты бæрцæй 50 проценты, 75 проценты æмæ 100 проценты кæй бæрц уыдзæн, фиддоны бæрц аразгæ у бинонты уыцы æфтиаджы бæрцæй: æнхъæлцау сылгоймæгтæн нымайынц кусынхъом адæмæн фæцæрынæн хъæугæ æппæтæй къаддæр хæрдзты бæрц (Цæгат Ирыстоны – 18579 сомы), сывæллæттæн та – сывæллонæн фæцæрынæн хъæугæ хæрдзты тæккæ къаддæр бæрц (16534 сомы).

УФ-йы граждæнтæ чи сты æмæ иудадзыг Уæрæсейы чи цæры, иумæйаг пособийæн гæххæттытæ саразыны бар ис нæ республикæйы цæрæг ахæм адæймæгтæн. Пособийæн гæххæттытæ аразыны рæстæг пайда кæнынц бинонты æфтиæгтæ æмæ сæ исбонæн иумæйаг аргъкæнынады фæткæй, стæй, ныййарджытæ кусынц æви нæ, науæд æгуыст объективон æфсонæй сты æви нæ, уыдæттæ нымайынц. Фиддоны фæдыл бар цæмæй сæвзæра, уый тыххæй хыгъдон рæстæгмæ (12 мæймæ) кусынхъом бинойнæгты æфтиаджы бæрц хъуамæ уа æппынкъаддæр 8 тæккæ къаддæр мызды бæрцы, ома, 216744 сомы (ацы азы райдайæнæй фæстæмæ тæккæ къаддæр мызды бæрц у 27093 сомы). Бинойнаджы рæстæмбис æфтиаджы бæрц адæймагæн фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрцæй (ома, бинойнагæн – 17045 сомы) фылдæр хъуамæ ма уа.

– Уæ зæрдыл уын лæууын кæнын: июлæй фæстæмæ фиддон æвæрыны ног фæтк архайын райдыдта. Сæйраг ногдзинад бар дары «Нолон æфтиаг»-мæ: нырæй фæстæмæ кусынхъом чи нæу, ахæм адæймагмæ зилыны æууæл мызды цухдзинады ахсджиаг æфсоныл нымад у æрмæст æвдыст хиондзинады заман. Хиуæттыл нымад сты лæг æмæ ус, цот, ныййарджытæ, æфсымæртæ, хотæ, дадатæ, нанатæ æмæ хъæбултæ (цоты цот). Ацы фæтк архайы фыццаг къорды инвалидмæ, æстай азæй хистæр адæймагмæ, науæд та фæкæсинаг зæрондмæ зилыны заман, – зæгъы амынд хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан.**

Адæймагмæ кæй зилынц, ууыл дзурæг гæххæттытæ официалон уагæй саразын хъæуы Социалон фонды. Хиондзинад бавдисынæн курдиатбарвитæджы бахъæуыдзысты ЗАГС-ы документтæ (райгуырды æмæ къайад саразыны тыххæй æвдисæндартæ). Æфтиаджы цухдзинады ахсджиаг аххосæгтæ хыгъдон заманæй æппынкъаддæр 10 мæйы дæргъы кæд архайдтой, уæд уæвæн ис, æмæ мызд нæ уыдзæн нолон. Кæд амынд рæстæгæй къаддæр, уæд та æппынкъаддæр мызды бæрц нымайынц хайадон уагæй.

Ноджыдæр ма иу ивддзинад бар дары цæрынады бынатмæ цæстдардмæ: адæймаг кæм уыд, ахæм бынæттæм гæсгæ кæй барвыстой, нырæй фæстæмæ цæрынады æууæл бæлвырд кæнынц æппæт ахæм курдиæттæм гæсгæ, регионты фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты хъауджыдзинад нæ нымайгæйæ. Фонд бæрæггæнæнты фылдæр хай сбæлвырд кæндзæн хæдбарæй ведомствæты иумæйаг (куыстдæттæджы, пособийы, пенсийы, цæрæнуатон-коммуналон лæггæдты фæдыл льготæтæ æмæ бирæсывæллонджын бинонты уагæвæрды тыххæй) бафæрстыты фæрцы.

Бæрæггæнæнтæ автоматикон уагæй растыл нымад кæд æрцæуой, уæд документтæ нæ хъæуынц. Æндæр уавæр кæд уа, уæд курдиатбарвитæг адæймагæн бафæдзæхсдзысты цæрæнуат баххуырсыны тыххæй бадзырд, кæнæ сывæллоны скъолайæ, науæд рæвдауæндонæй гæххæтт бавдисын.



Фæрстытæ уæм кæд баззадысты, уæд уын ис 8-800-100-00-01 телефонæй Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт центрмæ лæвар фæудзурыны бар (УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады хызы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ – 9:00 сахатæй 18:00 сахаты онг, майрæмбоны та 9:00 сахатæй 16:00 сахаты æмæ 45 минуты онг).

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

Цæстдард

# Фыдгæнджыты æрцахстой

**Уголовон кодексы 126-æм статьяйы 2-æм хайы пункт «а»-йы («Рагацау баныхас кæнгæйæ, цалдæр адæймаджы адавтой адæймаджы»), 163-æм статьяйы 2-æм хайы пункттæ «а» æмæ «в»-йы («Рагацау баныхас кæнгæйæ æмæ уæнгдыхæй спайда кæнгæйæ, цалдæр адæймаджы бадомдтой æхца»), 167-æм статьяйы 1-æм хайы («Кæйдæр исбонæн барæй стыр знаггад скæнын») æмæ 166-æм статьяйы 4-æм хайы («Æнæниздзинадæн тæссаг кæмæй у, уæнгдыхæй ахæм уагæй спайда кæнгæйæ, цалдæр адæймаджы, рагацау баныхас кæнгæйæ, хæдтулгæ, адавынмæ йæ нæ хъавгæйæ, æнæзакъонæй атардтой») амынд фыдракæндтæ саразынæй кæй аххосджын кæнынц, Æрыдоны районы прокуратурæ ахæм дыууæ цæгатирыстойнаг нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, уæй кæнын кæй не 'мбæлы, ахæм хостæ балхæныны æфсонæй фарон декабры фыдракæнд саразынæй гуырысхойаг нæлгоймæгтæ, уæнгдыхæй спайда кæнгæйæ, хъыгдардбаййафæг адæймаджы æнæбары сбадын кодтой йæ хæдтулгæйы æмæ йæ ралас-балас кæнын райдыдтой (хъыгдардбаййафæг нæлгоймаджы уый кæд нæ фæндыд, уæд дæр).

Фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, фæстæдæр уыцы адæймæгтæ хъыгдардбаййафæг нæлгоймаджы æнæбары урæдтой, йæ ныхмæ уæнгдыхæй спайда кæнынæй йæм æртхъирæн кодтой, стæй йæ цæмæй суæгъд кæной, уый тыххæй дзы 50 мин сомы бæрц æхца сын раттын бадомдтой. Хъыгдардбаййафæг адæймаг æвдыст æм домæнтæ сæххæст кæныныл куы нæ сразы, уæд фыдгæнджытæ йæ ныхмæ уæнгдыхæй спайда кодтой æмæ йæ æнæбары дарддæр урæдтой.

Фыдракæнд саразынæй аххосджын нæлгоймæгты баурæдтой.

Зылынгæнæг хатдзæгты халдихтæ раттыны фæстæ прокурор уголовон хъуыддаг барвыста Æрыдоны районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

Амынд фыдракæнд саразæг адæймæгтæн рахæссæн ис 12 азы дæргъы ахæстоны фæбадыны тæрхон.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Рахизфарсы районæй

# Сывæллæттæ æмæ фæндæгтыл цæуыны æдасдзинад



**Цæгат Ирыстоны Паддзахадон автоинспекцийы кусджытæ Беслæны центрон парчы сарæзтой дзыллон егъау акци – «флешмоб» кæй хонынц, ахæм профилактикон мадзал.**

Программæ гом кæнгæйæ, Паддзахадон автоинспекцийы кусджытæ загътой арфæйы ныхас, стæй аив национ уæлæдарæсы адæмон кæфтыты ансамбль «Цард»-ы æрыгон артисттæ акафыдысты (разамонæг æмæ кæфтытæ æвæрæг **Боциты Светланæ**).

Уый фæстæ Беслæны 1-æм скъолайы 4-æм къласы ахуырдзаутæ сарæзтой «флешмоб», – рухсмæ тæмæнтæ чи калы, ахæм уæлæдарæсы акодтой рæсугъд кафт, æмæ уымæй акцийы архайджытæн бамбарын кодтой, ахæм уæлæдарæс фæндæгтыл цæуыны æдасдзинадæн куыд ахсджиаг у, уый. Адæм сын сарæзтой тыхджын къухæмдзæгъд. Хъæлдзæгдзинад барæсугъд кодтой студи «Везунчики»-йы æрыгон артисттæ (сæ разамонæг **Таутиаты Еленæ**).

Бæрæгбоны кадджын уазæг уыд горæт Беслæны бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Хæблиаты Хъазыбег**. Бæрæгбон ахицæн лæвæрттæй – йæ архайджытæн байуæрстой «Добрая дорога детства», зæгъгæ, ацы газеты фæстагдæр номыр, стæй рухсгæнæн брелоктæ.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады Паддзахадон автоинспекци**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Къохы дзуар – хъæубæстыл фарн æфтауæг

**Ирыстоны ахæм ком æмæ хъæу нæй, Уастырджийы номыл кувæндон кæм нæй. Зилгæ нæ республикæйы рагондæр хъæутæй иуыл нымад у. Ацы аз ыл æххæст кæны 212 азы. Зилгæйы куырыхон хистæртæ рахастой уынаффæ, цæмæй сæ хъæуы арæзт æрцæуа кувæндон – Уастырджийы номыл, сарæзтой йæ Камбилеевкæйы цæугæдоны был, ном та йын раттой «Къохы дзуар».**

Æмæ кæд ахæм ном хæссы, уæддæр нымад у Уастырджийы кувæндоныл. Хъæубæстæ йæм зæрдиагæй кувынц, у сын æрдхæрæны бынат. Иу ныхасæй, зилгæйæгтæн сæ цард æнæхъæнæй дæр баст у ацы найфатимæ. Ацы æгъдæуттæ цæуынц иу фæлтæрæй иннæ фæлтæрмæ. Уыцы æгъдæуттæ фæсивæды зæрдæтæм уадзынц рæсугъд æнкъарæнтæ, разæнгард сæ кæнынц, æмæ афтæмæй зæрдæрухс æмæ аивæй дзуарæн лæггад кæнынц.

Зилгæйæгтæ Къохы дзуары бон æрвылаз дæр фæбæрæг кæнынц майрæмы мæйы (августы) йæ æртыккаг хуыцаубоны. Хъыгагæн, кувæндонмæ хæстæг уыцы бон æрцыд зиан, æмæ хъæубæсты хистæрты уынаффæмæ гæсгæ, бæрæгбон ивд æрцыд иннæ хуыцаубонмæ. Æмæ 23 августы, хуыцаубоны, зилгæйæгтæ сæ æртыгай кæрдзынтæ æмæ мысайнæгтимæ цыдысты найфатмæ сæхи æмæ сæ бинонты Уастырджийыл бафæдзæхсынмæ. Кувæндонмæ ма сæмбæлдысты районы «Аланты Ныхас»-ы сæрдар **Токаты Таймураз** æмæ районы ветеранты советы сæрдары хæдивæг **Тыбылты Зелим**.

Бафиппайын хъæуы уый дæр, æмæ бæрæгбонмæ фæсарæйнаг уазджытæ дæр кæй сæмбæлд: Бельгийæ – **Алиаты Раман**, Францийæ – **Серж Фон Гревениц**, стæй Данийæ, Хъалмыхъхъ æмæ Мæскуыйæ. Ам хабар афтæ рауад, æмæ зилгæйаг Мысыкаты Азæ йæ амонд ссардта Алиаты Надиримæ, уæд афтыдысты Бельгимæ æмæ уым æрбынæттон сты. Дунемæ сын рантыст дыууæ лæппуйы Раман æмæ Дзамболат. Ацы дыууæ лæппуйы сæ сабибонтæ арвыстой Зилгæйы, сæ мады цæгаты, сыгъдæг дзурынц иронау, стæй æххæст кæнынц ирон æгъдæуттæ.

Иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдысты Къохы дзуары кувæндоны, ныр дæр йæ боны сæмбæлдысты. Сæ зæрдæ ис Зилгæйы тыххæй документалон киноныв сисын. Æххуыс сын кæнынц Ирыстоны киноисджытæ дæр. Уый тыххæй Къохы кувæндонмæ фæзындысты рагацау æмæ уым фесты суанг изæрдалынгтæм. Фæистой интервьютæ хъæуы цæрджытæ: **Дзусаты Барис, Итæзаты Уырызмæг, Сугъараты Аслан, Беруаты Заремæ** æмæ ацы рæнхъыты авторæй дæр.

Гъемæ, сæ фæндтæ сæ къухы рæсугъдæй бафтæнт! Зилгæйы хъæубæстæ сæ иумæйаг æмбырды рахастой уынаффæ, цæмæй бæрæгбон арæзт цæуа уынггай. Æмæ ацы аз, уыцы бæрнон хæс сæххæст кодтой Моргуаты æфсымæрты уынг. Сылгоймæгтæ: **Хаситы Азæ, Рубайты Анжелæ, Джимиты Алинæ, Моргуаты Мæдинæ, Мелыкаты Наташæ, Хæблиаты Зæлинæ**, сæ сæргъы **Мысыкаты Индирæ**, афтæмæй рагагъоммæ сфыхтой бæгæны, стæй бæрæгбонмæ скодтой дзадджын уæливыхтæ æмæ ма алыхуызон адджинæгтæ.

Нæлгоймæгтæ: **Кодзырты Витали, Мелыкаты Ладемыр** æмæ **Ацæмæз, Рубайты Аслæнбег** æмæ **Джимиты Марат** сæумæцъæхæй дзуары бын акодтой кусарт, цыдæриддæр æмбæлд, уыдон скодтой. Зæгъын хъæуы уый, æмæ цæмæй куывд бæркадджындæр рауадаид, уый тыххæй æхцайы фæрæзтæй баххуыс кодтой **Хæблиаты Славик** æмæ **Гуыдиаты Алан. Кодзырты Тамик** æмæ **Сидахъаты Азæмæт, Азиаты Батик** сæ бон куыд уыд, афтæ балæггад кодтой.

Бадты хистæртæ: **Сидахъаты Руслан, Хæдзарæгаты Сослæнбег** æмæ **Тыбылты Зелим** уырдыг слæууыдысты, сæ кувинæгтæ сæ къухты афтæмæй, сыстадысты бадт адæм дæр æмæ афтæмæй батабу кодтой не Сфæлдисæг Стыр Хуыцау, Уастырджи, зæдтæ æмæ дауджытæм, бафæдзæхстой сыл куывддон адæмы, цæмæй сабыр арвы бын цæрой, хæстæн йæ кой йæ хъæр дæр куыд фесæфа. Украинæйы цы тугкалæн хæст цæуы, уым цы ирон хъæбултæ хæцы, уыдон тагъд рæстæджы уæлахизимæ сæ къонатыл куыд сæмбæлой, æмæ сын нæртон куывдтæ куыд скæной. Афтæмæй хистæртæ хорз сидтытæ фæуагътой бæрæгбонæн, мидисджын гаджидæуттæ та – цæрæнбонæн. Æмæ алчидæр зæрдæрухс æмæ хъæлдзæгæй здæхт йæ фæрныг хæдзармæ.

**ХÆМЫЦАТЫ Раман, Рахизфарсы районы Ныхасы хайады ирон æгъдæутты комитеты сæргълæууæг**

# Беслæн. Нæ рыст, нæ сагъæс

## Журналисты бонығæй

### Сентябрь

**Фæззæг нæ фыдæлтæм бæркæдты афоныл нымад уыд, сыгъзæрин фæззæг дæр æй хуымæтæджы нæ хуыдтой. Скъоладзаутæн та уыд сæ кадджын бæрæгбон. Сентябры алы фыццæгæм бонмæ дæр-иу сывæллæттæ æнхъæлмæ кастысты. Йе 'мкъласонтæ æмæ ахуыргæнджыты фенынмæ-иу згъордтой сæ амынд сахатæй раздæр. Афтæ уыдис тынг бирæ азтæ, цалынмæ нæм фыдбылыз æмæ мæлæтхæссæг тыхтæ æнæнхъæлæджы нæ фæзындысты, уæдмæ. Залиаг калм Руймон æрлæст уæлæрвтæй æмæ аныхъуырдта æнæхъæн фæлтæр, йæ фæстæ ныууагъта гæныстон фæд.**

Æз дæр бирæ уарзтон фæззæг, уæлдайдæр-иу æрдз алыхуызон ахорæнтæй йæхи куы сфæлыста, уæд ма уымæй алæмæты нывмæ дæр бакæсæн цæмæ уыдаид. Бур-бурид æмæ сырхбын сыфтæ-иу ме уæхсчытыл куы 'рхаудысты, уæд мын уый цавæрдæр циндзинад лæвæрдта. Ныр мын æнæуынон фестад сентябрь. Уыцы фыццаг бонты дæр, скъола, сабитæ, ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджытæ фыдгæнджыты ахæсты куы бахаудысты, уæд канд Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн бæстæ æмæ дунейы дæр æнхъæл ничи уыд, æмæ уавæр фыддæрырдæм разилдзæн. Алкæй дæр нæ ныфс уыдис, сабитæ террористты къухæй кæй фервæздзысты, уымæй. Фыццаг æртæ боны хур афтæ тавта, æмæ, сколамæ хæстæг фæз æмæ дæрддзæф рæтты цы дзыллæтæ лæууыдысты, уыдон, цыма, æнтæфæй тынгдæр тыхстысты. Фæлæ фæззæг уæддæр йæ кæнон кодта, сыфтæ дæр бæлæстæй иугай згъæлыдысты. Мæнæ та ме уæхскмæ бур сыф æрхауд, фæлæ мын ацы хатт æхсызгон нал уыд, нал бацин кодтон сызгъæрин фæззæгыл дæр. Хъыг мын уыдис йе 'рцыд, цæмæ ралæуыд, фæлтау августæн кæрон куы нæ уыдаид. Фыдадæймаджы сурæты хуызы мæм фæкаст сентябрь. 2004 азы Ирыстонмæ фыдбоны «уаргъимæ» фæзынд æмæ нæ туджы нывдылдта, цæргæбонтæм нын нæ зæрдæтæ хъыджы хызтæй бамбæрзта. Нæ, уый нæ кæддæры æрвылазон æмæ уарзон сентябрь нæ уыд, фæлæ сау мæлæты æндæрг, Помпейы сæфты хуызæн адзал. Нæй хуымæтæг ныхæстæй радзурæн, йæ фыдракæндты тыххæй дзырдуаты аккаг дзырдтæ ссарæн. Сæрызонд сæ нæ ахсы æмæ нæ ары.

Æнхъæлмæ кастыстæм иууылдæр, хистæрæй, кæстæрæй хорз хабармæ. Нæ бæстæйы Президент архайдта, цæмæй уавæр банывыл уыдаид. Ничи ницы зыдта, не 'мбæрста уæд, цы 'рцыди, уый, алырдыгæй дæр – æмтъеры æмæ змæст. Диссаг дæр куыннæ уыдис, 2 сентябры Беслæны уынгты азмæлæн нал уыд канд нæ республикæйы цæрджытæй нæ, фæлæ ма фæсарæйнаг бæстætæй æрцæуæг журналисттæй дæр. Сæхи тыхтъыст кодтой алы ран дæр. Пъæлицæйы кусджытæ сæ уромын нæ фæрæзтой, тæссаг у скъоламæ хæстæг бацæуын, зæгъгæ, ныхас не 'мбæрстой. Уыцы рæстæг ирон адæм тынг æрбангом сты, ныфсытæ æвæрдтой кæрæдзийæн. Уалынмæ райхъуыст, Аушев, дам, сæм бацыд æмæ цалдæр сылгоймаджы хъæбысы сывæллæттимæ ракодта залæй, стæй, дам, цавæрдæр фыстæг гæххæтты гæбазыл раппæрстой æддæмæ террористтæ. Домдтой æмæ домдтой, сæххæстгæнæн кæмæн нæ уыд, ахæм фарстатæ. Цы уыд дарддæр, уый дзурын никæмæн уал хъæуы, рæмыгъдтытæй Ирыстоны уæларв дæр фæтарст, иу иннæйы фæдыл куы азæлыдысты, уæд адæмы æмæ ахæсты бахауæг адæмы хъæрахстæй Беслæн ныррызт. Ралæууыдысты саударæн бонтæ. Цалдæргай сывæллæттæ чи бавæрдта, ахæм хæдзæрттæм мæрддзыгой адæм нæ, фæлæ бындзытæ дæр батæхын нæ уæндыдысты. Къæвдатæ та калдтой ведрайæ калæгау, куыдтой дунейы адæм, куыдта æрдз дæр чысыл æнамонд сабиты сæфтыл. Сывæллæттæн сæ бон донæй бафсæдын цы нæ баци, уый айстой къæвдайы æмæ адæмы цæссыгæй. Ахæм æвирхъаудзинадæн нырыккон царды æмбал нæ уыд. Уый уыдис фыдохы сентябрь, нæ Ирыстоны къæлиндары сау бонæй фыст чи 'рцыд, ахæм мæй.

### Тæрхоны бонтæ

Дзæвгар рæстæг цыдис слест. Фыдгæнджыты къордæй ма чи аирвæзт, уыцы иунæг Нурпаша Кулаевæн райдыдтой тæрхон кæнын. Фыццаг бон Дзæуджыхъæуы Уæлдæр Тæрхондоны бæстыхаймæ бахизæн дæр нæ уыд, дунейæ цы бæстæйæ дзы нæ уыд журналисттæ, ахæм нал баззад. Сæ исæн камерæтæ рæвдзæй, кусын æввонгæй цæттæ уыдысты. Уартæ, чысыл æддæдæр, тигъыл бæласы раз æрлæууыд автобус, рахызтысты дзы саударæг мадæлтæ, сæ фарсмæ, Рахизфарсы районы газеты журналист Къæбойты Мурат, афтæмæй, æмæ нæ размæ комкоммæ æрбацæйцыдысты. Зæххыл, кæрдæгыл чи бадтис, уыцы æндæрбæстаг журналисттæ сæ бынæттæй фестадысты æмæ иуварс алæууыдысты. Уæдмæ пъæлицæйы кусджыты къорд фæзынд рог автомашинæйыл, сæ фæстæ та – ахæстоны машинæ, бæстыхайы иннæ фарс æфсæн дуар байгом, æмæ машинætæ уым фæмидæг сты. Цы бамбарын хъуыд, террористы тæрхонмæ 'рбаластой, уымæн. Уыцы ныв дæр уайтагъд фотокорреспонденттæ фелвæстой. Тæрхон амыдта Æгъуызарты Тамерлан. Абоны хуызæн хъуыды кæнын Тамерланы фæлурс æмæ тыхст цæсгом. Йæ цæстытæ-иу уæлæмæ сисын дæр нæ фæрæзта, афтæмæй фарста, террористты ахæстæй чи раирвæзт, уыдоны, стæй, хъуыддагыл дзуапп чи лæвæрдта, уыцы чиновникты. Дзасохты Алыксандры дзуаппытæм се 'ппæтæй тынгдæр æнхъæлмæ кастысты иууылдæр, алкæй дæр фæндыд базонын, цæмæн æрцыд ахæм æвирхъæу фыдбылыз, цы уыдысты йæ аххосæгтæ, уый. Дзасохыфырт радзырдта, уый кæй уыдис æппæты æгъатырдæр æмæ æнæбасæттондæр фыдгæнджыты къорд.

– Цы телефонты номыртæ-иу раппæрстой, немæ бастдзинад саразыны тыххæй, уыдонæй-иу иу дæр нæ куыста. Иунæг хатт сæм бахаудтæн, æмæ, цы чъизи æвзагæй дзырдтой, ахæм ныхæстæ бирæ æз хъусгæ дæр нæ фæкодтон. Домдтой, цæмæй сæм залмæ бацыдаиккам цыппарæй, кæнæ иунæг дæр нæ. Иунæджы дæр дзы не ссардтам. Бамбæхстысты æмæ сæ телефонтæ ахуыссын кодтой, – дзырдта нæ республикæйы уæды Сæргълæууæг.

Нурпаша Кулаев нæ састис, æз, дам, иунæг сывæллон дæр нæ амардтон, зæгъгæ, стæй радзырдта сæ æрбабырсты нысан дæр. Уый загъта, фыстæджы амынд кæй цыдысты цыппар адæймаджы, сæ домæн сын чи сæххæст кодтаид, ахæмтæ: Мурат Зязиков, Асланбек Асланов, Дзасохты Алыксандр æмæ Владимир Рушайло, уыцы рæстæг УФ-йы Мидхъуыддæгты министр. Шамиль Басаевы бандæ домдта, цæмæй Уæрæсе йе 'фсæдтæ Цæцæнæй ракæна. Бирæ историтæ, бирæ диссæгтæ дзырдтой террористты къухы бахауæг адæм. Теракты слест æмæ тæрхоны хъуыддæгтæ 140 чиныгæй фылдæр фесты.

Мæ зæрдыл ма 'рлæууы хъыгдарддаййафæг амынæтты адвокат Чеджемты Таймураз дæр. Уый æргом æмæ карзæй æвæрдта йæ фарстатæ, дзуапп чидæриддæр лæвæрдта, уыдоны раз. Таймураз йæ цардæй ахицæн, нал ис Къæбойты Мурат дæр. Мурат йæхæдæг саударæг мадæлтæн иудадзыг цырагъау сæ фарсмæ фæлæууыд. Сæ рисы хай сын йæхимæ айста æмæ ссардта зæрдæниз. Фæфыста сæфт сывæллæттæ, ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджытыл цалдæргай чингуытæ, дунейæн фæдзырдта сæ æнамонд хъысмæты хабæрттæ. Бæлвырд иртасæн куыст бакодта, спецназы хæстонтæ «Альфа» æмæ «Вымпел»-ы хъæбатырты цард æмæ архайды историйы сыфтæ фыссыны фæдыл. Къæбойты Мурат йæхæдæг æфсæддон лæг уыд, отставкæйы, дæлдондзæуæг науы фæслужбæ кодта, фæлæ йæ теракты фæстæ курдиатджын журналистæй базыдтой дунейы бирæ бæстæты. Мурат уыд хæларзæрдæ æмæ цæстуарзон адæймаг. Искæй рисæй рыстис йæ зæрдæ æмæ хъæрзыдта йæ уд. Æнцой нæ ардта йæхицæн, баххуыс кæнын-иу йæ бон куы ницæмæй уыд, уæд. Æрыхсæв æмæ-иу ыл æрбабон ис, фыдбæллæхы чи бахауд, уыцы сывæллæтты хабæрттæ фысгæйæ. Уыимæ-иу йæхæдæг дæр мадæлтимæ куыдта ставд цæссыгтæй, афтæ йæхи бауромын, лæг уæвгæйæ, йæ бон нæ уыд. Тæрхоны бонты рæстæг-иу æппæт журналистты 'хсæн иронау нæ хъуыдытæ æрмæст нæ дыууæ кæрæдзийæн дзырдтам. Тынг аив æмæ йын сыгъдæг ирон ныхасыхъæд уыдис. Уый хыгъд – уырыссагау дæр дæсны æмæ арæхстджын. Зæрдæ фыдымур йеддæмæ нæу, фæлæ, цы 'нкъарæнтæй арæзт у, уый та диссаг. Лæгыл куыд фæтых, фæуæлахиз вæййы, куы йæ цины бæрзæндтæм сисы, куы та йæ æрхæндæг æмæ масты сæвдулы.

Куыдтам не 'нæхъаруйыл, нæ сабитæн кæйдæр зæххæй ардæм баххуыс кæнын нæ бон кæй нæ баци, ууыл. Кæд нын визæ нæ лæвæрдтой, уæддæр нæ ницы æмæ ничиуал баурæдтаид нæ фыдæлты райгуырæн уæзæгмæ æрцæуын æмæ нæ сæфт хуртæн «рухсаг» зæгъынæн балцыл бацархайынæн.



### Фæсарæйнаг уазджытæ

**Кан Хэ Чан – Сеулы дины уæлдæр скъолайы профессор:**

– Ирыстоныл цы бонтæ акодта, ахæмтæй Хуыцау бахизæд. Æз ныхас кодтон Беслæны разамындимæ, цæмæй нæ дины скъола æмæ Беслæны 1-æм скъолаимæ нын æмгуыстады ахастдзинæдтæ уа. Архайдзыстæм уæ сывæллæтты уæззау уаргъ фæрогдæр кæныныл. Макуыуал æрцæуæд, сывæллæттæ кæм фесæфой, ахæм хабар. Уый æнæхъæнæй дæр адæймагæн низтæ сæвзæрыны ахxосаг куы у.

**Хъуысаты Сатреддин – Турчы ирæтты æхсæнады уæнг:**

– Нæ хъыг æмæ нæ цин иу сты, æмæ нæхи дæр хъуамæ дих ма кæнæм. Кæд кæйдæр бæсты цæрæм, уæддæр не 'гъдæутты уидæгтæ сты ам. Спортивон залмæ фыццаг хатт куы бахызтæн, уæд мæ къæхты зырзыр банкъардтон. Сабиты сурæттæм кæсгæйæ, мæ цæссыг мæ уадултыл лæдæрсыд. Цавæр удтæ æмæ сын зæрдæтæ уыдис уыцы сабимарджытæн, куыд ис ныффæразæн ахæм диссагæн?

**Хоситы Бурхан:**

– Мах рагæй фæнды, Ирыстонимæ нын бастдзинад уа, уыцы хъуыддаг саразын. Цæмæй нæ хæстæджытæ, нæ мыггæгты хæдзæрттæм ныфсджынæй хионы цыдæй цæуæм. Ирыстоныл кæуæн бонтæ куы скодта, уæд Турчы цæрæг ирон адæмы иннæ хай та цады мал фестад.

### Мысæн бонтæ

Афтæ фæзæгъынц, рæстæг, дам, хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг у. Фæлæ, куыд ис ферохгæнæн, комы комдзæгтæй кæй фæхастой, уыцы сæфт хъæбулты иу уысм дæр, йæ фыдæбæттæ дзæгъæлы кæмæн фесты, зæрондырдæм æвæгæсæгæй чи баззад, æнæхъæн бинонтæй чи бавдæлон, уыцы ныййарджытæ мæгуыр не сты? Уæвгæ дзы бирæтæ нал рацардысты. Се 'нусон дунемæ фæтагъд кодтой сæ сабитæм. Уым сæ ныр ничиуал бахъыгдардзæн. Фæлæ, уæлæуыл чи баззад, уыцы ирон адæмæн та сентябрь фыдбон æмæ фыдвæззæджы афонæй баззад. Алы аз дæр фыццæгæм сентябры скъолайы кæртмæ цæуынц дидинджытæ æмæ веноктимæ. Æрмæст иу ныхас никæмæй ис фехъусæн. Æдзæм, цæссыгтæ æмæ мыдадзын цырæгътæ систы ацы бонты сæйраг «архайджытæ». Саразтой кæрты хъизæмаргæнæг чысыл удтæн аргъуан. Кувыны цырæгътæ дзы судзынц æдзухдæр. Сабитæ фестадысты зæдтæ, сæ удтæ та æрцардысты аргъуаны, ам кæддæр, 2004 азы, уыдис 1-3 къæлсты ахуырдзауты райдиан скъола. Æппæты фылдæр ацы кары сабитæ бацарæфтыд сты. Ныр нæм кæсынц уæлæрвтæй, мах та сæ 'нкъарæм æрдзы алы хуызты.

Ацы хабæрттæ мæ зæрдыл бадардтон, мæ зæрдæ та бынтон бамæгуыр вæййы дзæнæты бадинаг Джыккайты Шамилы фыст хъарæгæй. «Фæцис мæ Ир фыдазарæй фыдвæззæг».

Æрхæццæ та кæны сентябрь. Хойы та фыдуацы азæлд нæ зæрдæтæм, уыцы бонтæ ныр нæ царды фыст æрцыдысты сæрмагонд сауæй. Нæй сын ахахх кæнæн, нæй сын рох кæнæн. Цæрынæй-хæрынмæ чи никуыма 'рцыд, ахæм терактыты фæстиуджытæ, цæйбæрцфæнды азтæ куы рацæуой, уæддæр удæнцой никæмæн ратдзысты, рæхойдзысты нæ алы хатт дæр фæззæджы къæсæрыл.

*Мæ зæрдæ, фест фыдохы бон дзæнгæрæг,*
*Дæ хъæлæсæй нæ Иры маст нæрæд,*
*Дæ цъæхахст дардыл азæлæд хъæргæнæг,*
*Дæ хъæрæй Зæхх йæ хъæбултыл кæуæд.*

*Беслæнæй абон судзаг марой хъуысы,*
*Мæрдон фæздæгæй баталынг нæ бон.*
*Нæ тæригъæдæй арвы къæй æнкъуысы,*
*Цæрдудæй мах куыд æвзарæм зындон!*

ДЖЫККАЙТЫ Шамил

# Ирон лæгæй байрæзыд

**2004 азы 1 сентябры Беслæны фыццæгæм скъоламæ фыдгæнджытæ куы 'рбабырстой, уæд сывæллæттæ, ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджыты скъолайы спортивон залмæ батардтой. Сæ тыхмитæн сын ныхкъуырд раттын кæй бон нæ уыд, уыцы сабитимæ æлгъаг æмæ тугмондаг лæгсырдтæ схæцыдысты.**



Рæмыгъдты фæстæ боны рухс батар 300 сывæллонæй фылдæрыл, ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджытыл, чи раирвæзт бандитты къухæй, уыдонæй та бирæтæ уæззау хъæдгæмттимæ нæ бæстæйы алы рынчындæттæм æвæстиатæй ластой. Ахæм уæззау цæфты 'хсæн уыдис Тедты Азæмæт дæр. Мæскуыйы, сывæллæтты №9 клиникон рынчындоны, дæс азы дæр кæуыл нæма цыд, уыцы уæззау цæфтæ сывæллон дохтыртæн йæхæдæг ныфсытæ æвæрдта, дунейыл йæ ныхæстæ азæлыдысты: «Æз ирон дæн, æз лæг дæн æмæ ницæмæй тæрсын». Тыхст сабийы сæйраг дохтыр Петр Продеус йæхæдæг биноныг кастис чысыл Азæмæтмæ, йæ цурæй никæдæм цыдис. Йæ куысты рад дæр-иу куы нæ уыд, уæддæр æхсæвæйбонæй уыдис Азæмæты цур. Мæлæтæй, царды астæу йæ уд æндахы кæроныл кæмæн лæууыд, уыцы сабийы зонджын ныхæстæ алкæй дæр бирæ цæуылдæрты ахъуыды кæнын кодтой. Анестезиолог-реаниматолог, не 'мзæххон Кцойты Руслан лæппуйы хъæдгæмттæ куы федта, уæд æй куырдта иучысыл бабыхсын, фæлæ йын Азæмæт цы дзуапп ратта, ууыл бирæ карддзыд адæм дæр нæ ахъуыды кодтаиккой. Цалдæр операцийы скæнын бахъуыд Азæмæтæн, æмæ йæ лæджы ныхасæн хицау разынд. Иунæг хатт дæр æй скæугæ, схъæрзгæ нæ федтой дохтыртæ. Дис кодтой йæ гыццыл уды быхсондзинадыл æмæ-иу загътой: «Фендзыстут, æцæг ирон лæг дзы куыд рауайдзæн, уый». Кцойты Руслан абон не 'хсæн нал ис, хирурджы уд нæ бабыхсыдта, лæгсырдтæ æнахъом сабитæн цы фыдмитæ бакодтой, уыцы хабарæн, æмæ йе 'нкъараг зæрдæ ныллæууыд йæ куыстæй.

Кæцæй разынд сабийы уды ирондзинадæй сæрыстыр уæвыны миниуæг? Цы сыхбæсты хъомыл кодта саби, хистæрты ныхас кæм хъуыста, уыцы фæрнджын хæдзары. Йæ баба Тедты Владимиры Беслæны цæрджытæ абон дæр нæ кæнынц рох. Уæздан æмæ нымад лæг, ахæмтæ уыдысты, Владимир хæларæй кæимæ цард, йæ уыцы æмгæрттæ дæр. Владимир архайдта районы Культурæйы галуаны, раздæр хъæууон клуб хуындис. Николай Островскийы уацмысмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Как закалялась сталь»-ы Владимир Павел Корчагины ролы ахъазыд, уæдæй фæстæмæ Владимиры царды ныффидар ис, советон адæмы уарзондæр хъайтары ном. Азæмæты уæнгты дæр кæлы йæ хъуыстгонд бабайы туг. Азæмæты хъомыладмæ стыр фæллой бахастой йæ мадымад Таня æмæ йæ ныййарæг Валя. Таня Моисейы чызг Беслæны 1-æм скъолайы куыста райдиан къæлсты ахуыргæнæгæй. 53 азы ратта ахуырад æмæ рæзгæ фæлтæры хъомыладæн. Азæмæт скъола каст фæуыны фæстæ барвæндонæй æфсадмæ службæ кæнынмæ ацыд. Службæ кодта Нацгвардийы æфсæдты. Куы 'рыздæхт, уæд та дарддæр ахуырмæ бацыд Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты юридикон факультетмæ æмæ йæ æнтыстджынæй каст фæцис. Кусын райдыдта Нацгвардийы, стæй та Росгвардийы рæнхъыты. Йæ чысылæй цы базырджын ныхæстæ загъта, уыдон, æцæгæйдæр, сæххæст сты. Азæмæтæй рауад уæздан, хæдæфсарм, ирон кадджын лæджы номæн аккаг хъæбул. Иунæг бон дæр нæ фæкодта рох, уыцы фыдбонты фæстæ йын æххуыстæ чи кодта, фидæны амондджын цардæй йын ныфс æмæ зæрдæ чи æвæрдта, уыцы адæмы. Кæцæй йæм нæ цыдысты бæрæггæнæг, фæсарæнтæй райдай æмæ нæхи бæстæйы цæрджытæй бирæтæй фæу. Алкæмæн дæр йæ зæрдæ рыстис сабиты удхæрттæй, сæ чысыл удты хъæдгæмттæй. Азæмæт нæ уарзы теракты цаутæ мысын, цы уыдис æмæ куыд уыдис, уыдæттæ фæлхат кæнын, æмæ куыннæ, кæцы адæймаджы фæнды йæ мысинæгты дæр уæлдай хатт ногæй, уыцы æнамонд фæндæгтыл рацæуын. Æз бастдзинад дарын Азæмæты мад Валяимæ. Уыцы бонты æвирхъаудзинад нæ базонгæ кодта. Арæх афæрсын æй Азæмæтæй нæ фæуæндын, афтæ мæм фæкæсы, цыма, сын мæ фæрстытæй сæ хъæдгæмттæ ногæй «райхъал» кæнын. Азæмæты нана Таня абон рынчынтæ 'ййафы, æмæ йын Дунескæнæг тыхтæ раттæд, йæ кæстæрты зынтæ макуыуал фенæд.

Фарс бацæттæ кодта
САУТÆТЫ Тамилæ

## Спортивон фидиуæг



### Дзюдо

# Дыууæ хæрзиуæджы Швейцарийæ

**Швейцариаг горæт Лозаннæйы ивгъуыд къуыри дзюдойæ цыдысты дунеон Гран-при турнир «Стыр згъæрхуд»-ы ерыстæ.**



Турнир у рейтингон æмæ дзы фæархайынц, йæ размæ стыр нысантæ чи февæры, уыцы спортсментæ.

«Стыр згъæрхуд»-ы ерысты раззагдæр бынæттæ бацахсджытæн, турниры хæрзиуджытæй уæлдай, лæвæрд æрцæуынц рейтингон баллтæ фидæны Олимпиаг хъæзтытæм балцæг райсынæн.

Ирыстоны дзюдоисттæй Лозаннæйы турниры сæ хъару æмæ дæсныдзинад æвдыстой спорты сгуыхт мастертæ Тасойты Инал æмæ Таймазты Мæдинæ.

Сылгоймаг-дзюдоистты ерысты Мæдинæ 70 кг онг уæзы фæуæлахиз дыууæ ныхмæлæуууæгыл, фæлæ ерысты 1/4 къæпхæны иучысыл фæкъуылымпы æмæ ма йын бантыст дыууæ фембæлды фæуæлахиз уæвын. Таймазты Мæдинæ хорзæхджын ссис бронзæ майданæй. Уымæй уæлдай ма йын лæвæрд æрцыд, 3-аг бынатæн чи æмбæлы, уал рейтингон балты.

Нæлгоймæгты ерысы нæ кадджын æмзæххон, дунейы дыууæ хатты чемпион Тасойты Инал, ацы хатт дæр та разынд æппæты тыхджындæр. Уæззау уæзы (+100 кг) Инал цы цыппар ныхмæлæууæгимæ фембæлд, уыдонæй иуæн дæр нæ бантыст Иналы размæбырст бауромын. Инал æнæкъуылымпыйæ фæуæлахиз йæ ныхмæлæуджытыл æмæ кæронбæттæны фембæлд финляндиаг дзюдоист Мартти Туумалайненимæ. Сæ фембæлд ахицæн тохы æмгъуыдæй раздæр. Инал Туумалайнены йе уæнтыл авæрдта æмæ фæуæлахиз «иппон» – бæрæггæнæнимæ. Афтæмæй Инал ссис «Стыр згъæрхуд»-ы турнирты 12 хатты фæуæлахизуæвæг. Иналæн, сыгъзæрин хæрзиуæгæй уæлдай, лæвæрд æрцыд, 2028 азы чи цæудзæн, уыцы Олимпиаг хъæзтытæм æппæты фылдæр баллтæ.

Уырны нæ, Инал ма ардыгæй уæдмæ цы рейтингон ерыстæ цæудзæн, уым хъæугæ баллтæ кæй рамбулдзæн æмæ йæ иузæрдион фарсхæцджытæ Олимпиаг хъæзтытæм кæй фæндараст кæндзысты!

### Футбол

# Ногæй та – æмдых

**Ивгъуыд хуыцаубоны (30 августы) Уæрæсейы футболон чемпионаты 2-аг Лигæйы, дивизион «Сыгъзæрин»-ы хъазæг командæтæ акодтой 7-æм туры фембæлдтытæ.**

Дзæуджыхъæуы ФК «Алани» уазæгуаты фембæлд «Калуга»-имæ.

«Алани»-йы рæнхъыты уыцы бон хъазæн фæзмæ дыууæ ныхмæлæууæджы сæ дуармæ бацæуæнтæ къæрцхъусæй хъахъхъæдтой, уæддæр сæ рох нæ уыд размæ бырсын дæр. Фæлæ цæфæй пурти батахт «Алани»-йы дуары. «Калуга» – размæ рацыд 1:0-æй æмæ уыцы хыгъд æнæивдæй баззад, хъазтæн цы 90 минуты лæвæрд фæцæуы, уый кæронмæ. «Калуга»-йы иузæрдион фарсхæцджытæ цин кодтой, сæ уарзон



Алайнæгтæ уæлæмхасæн рæстæджы æнæрынцойæ размæ кæй тырныдтой, уый сын 90+4' – минутыл æрхаста 11-метрон иварон цæф ныккæныны фадат. Гуырцъыты Батрадз ахæм гæнæнæй æнæрæдигæйæ спайда кодта æмæ йæ цæфæй, пурти фысимты дуары къуымы фæмидæг. Хыгъд куыддæр 1:1 ссис, афтæ хъазты рæстæг дæр кæронмæ æрхæццæ æмæ хъазт ахицæн æмдыхæй.

«Алани»-йы хъазты рацыдысты: №1 – Биазырты Давид, №8 – Хуыгаты Алан, №19 – Бутаты Аллон, №2 – Гиоты Алан, №3 – Артур Кусков, №7 – Гуырцъыты Батрадз, №9 – Артем Закиров (61' – Виктор Нафиков) №21 – Кодзырты Артур (61' – Рæмонты Заурбег), №76 – Кæркуысты Георги – (61' – Реуазты Алан), №14 – Анзор Амиралиев (81' – Тепсыхъоты Давид), №11 – Иван Матюшенко (61' – Кобесты Давид), «Калуга» турнирон таблицæйы фæстаг бынаты цыди 3 очкоимæ. Калугæйæгтæ амæй размæ цы æхсæз хъазты акодтой, уыдоны рамбулын сын нæ бантыст, æмæ «Алани»-имæ фембæлды тырныдтой æрмæстдæр уæлахизмæ.

Алайнæгты бахъуыд тынг лæмбынæг уæвын æмæ сын уый бантыст хъазты фыццаг æмбисы. Кæд Куыд «Калуга», афтæ «Алани» дæр тырныдта хыгъд байгом кæнынмæ, фæлæ сын уый иуæн дæр нæ бантыст фыццаг таймы.

Хъазты дыккаг хай рауад цымыдисагдæр. Фысымтæ сæ архайд фæцырддæр кодтой æмæ сæ ныббырстытæй иуы, 55' минутыл, «Калуга»-йы размæбырсæг Ярослав Сычевы æнæрæ-командæ фæуæлахиз уыдзæн, уый æнхъæлæй. Ацы уæлахиз хъуамæ уыдаид сæ командæйы фыццаг фесгуыхт, дивизион «Сыгъзæрин»-ы хъазгæйæ.

Калугæйаг футболуарзджыты цин фæсыкк, тæрхонгæнджытæ фембæлды рæстæгмæ цы 4 минуты бафтыдтой, уыдоны фæстаг секундты.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Родина-2 | 7 | 5 | 2 | 0 | 13-3 | 17 |
| 2. Динамо Кр | 7 | 3 | 2 | 2 | 4-4 | 11 |
| **3.** Динамо-Брянск | 7 | 3 | 2 | 2 | 6-9 | 11 |
| 4. Динамо-Владивосток | 7 | 3 | 1 | 3 | 6-6 | 10 |
| **5. Алани** | **7** | **2** | **3** | **2** | **10-6** | **9** |
| 6. Сибирь | 7 | 2 | 2 | 3 | 8-10 | 8 |
| 7. Машук-КМВ | 7 | 1 | 5 | 1 | 4-4 | 8 |
| 8. Волгарь | 7 | 1 | 4 | 2 | 6-7 | 7 |
| 9. Сокол (Саратов) | 7 | 1 | 3 | 3 | 6-11 | - |
| 10. Калуга | 7 | 0 | 4 | 3 | 3-6 | 4 |

«Алани»-йæн фæуæлахиз уæвын кæй нæ бантыст, уый йæ 3-аг бынатæй æрхизын кодта 5-мæ.

«Алани» йæ иннæ радон, 8-æм туры фембæлд акæндзæн йæхи стадионы 5 сентябры. Йæ ныхмæлæууæг уыдзæн Владивостокы командæ «Динамо».

7-æм туры фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: «Динамо» (Владивосток) – «Машук КМВ» – 1:0, «Сибирь» (Новосибирск) – «Динамо» (Киров) – 0:1, «Динамо» (Брянск) – «Волгарь» (Астрахань) – 1:1, «Калуга» – «Алани» – 1:1, «Родина-2» – «Сокол» – 4:0.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Акци

# Паспорттæ раттой



**Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон тырысайы боны фæткмæ гæсгæ, Алагиры районы ацыд æппæтуæрæсеон акци «Мах – Уæрæсейы граждæнтæ!».**

**Дзыллон мадзалæн фадæттæ арæзтой районы мидхъуыддæгты хайады æхсæнадон советы уæнг Ханайты Таймураз, фæсивæды хъуыддæгты комитет æмæ бирæкъабазджын центры муниципалон хайад. Проект «Фыццæгты змæлд» æххæст кæныны фæткмæ гæсгæ, районы æвзонг цæрджытæн сæ фыццаг паспорттæ кадджын уавæры раттой.**

**Акциараздджытæ фæсивæдæн ахсджиаг цауы фæдыл раарфæ кодтой æмæ загътой, бæстæйы гражданины сæйраг документ райсыны цауæн стыр ахадындзинад кæй ис, уый.**

**Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: патриотизмы хъомыладæн ахъазгæнæг паспорт раттыны æууæл фæсивæд сæ зæрдыл цæмæй бадарой, проект «Мах – Уæрæсейы граждæнтæ!» уымæ арæзт у.**

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
*Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор*

## Иры кæмтты

# Хæххон нывтæ

**Тынг бирæ уазджытæ цæуы Ирыстонмæ, акæсæнтæ нæй нæ республикæйы æппæт районтæм, уæлдайдæр Куырттаты комы бынæттæм.**



Махмæ, нæхимæ диссаг нал кæсынц, астæуккаг æнусты рагон арæзтæдтæ, æрцæуæг адæм та цымыдисæй фæлгæсынц алы зæронд дурмæ дæр. Куырттаты комы, Фаллаг коммæ фæндагыл, бæрзонд тигъыл лæууынц æфсымæртæ Куырта æмæ Тæгайы заманты мæсгуыты хæлддзæгтæ. Бирæ рæстæджыты уыдысты ахæм уавæры, ныр сæм Гуырианы мыггагæй амалхъом адæймаг базылдис, Хæкъуынайы мæсыг æнæхъæнæй дæр самайын кодта, Куырта æмæ Тæгайы мæсгуытæ та уал æрдæгарæзтæй лæууынц. Реставрацийы куыстытæ æнцон не сты, стæй сын чысыл æхца æмæ æрмæг нæ хъæуы. Фæлæ, раздæр куыд уыдис ацы бæрзонд тигъ, афтæ нал у. Йæ фæз æмæ йын фæндæгтæ фæуæрæхдæр кодтой æмæ дзы ныр рог автомашинæтæ æмæ маршруткæтæ æнæкъуылымпыйæ разилынц. Иу хурбон Фæзыхъæумæ цæугæйæ, мæ цæст ахастон, алыхуызон сувениртæ æмæ продукттæ кæм уæйгонд цыдис, уыцы чысыл базарыл. Базартæ ныр хæхбæсты сарæх сты, æмæ кæм не сты – нæлгоймæгты моладзандонæй райдай æмæ Дыгургомы хъæутæй фæу. Алы ранмæ дæр сæудæджергæнджыты къух баххæссыд. Чи зоны, æвзæр хъуыддаг нæу, фæлæ ацы фарстайы дæр æххæст кæнын хъæуы бæлвырд домæнтæ.

Куырта æмæ Тæгайы мæсгуыты хæлддзæгты раз туристтæй азмæлæнтæ нæ уыд. Кæцæй нæ уыдысты, ахæм нал баззад. Чысыл æддæдæр, былгæронмæ æввахс йæ уæйгæнинæгтæ равæрдта суадаггаг Мæргъиты Амиран. Уæй кæны ирон нозт: хи конд сæн, арахъхъ, мыд, цыхт æмæ æндæр продукттæ. Мах, бынæттон цæрджытæ, ахуыр стæм мыд æмæ цыхтыл дæр, фæлæ æндæр адæмтæм та нæ хойраг сыгъдæг æмæ хæрзхъæд фæкаст. Зæрдиагæй сæ æлхæдтой семæ ласынмæ.

– Мæхи цæхæрадоны зайы сæны аккаг сæнæфсир. Алы аз дæр дзы сæн рауадзын. Мæнæ ардæм дæр æй ласын æмæ йæ зæрдиагæй æлхæнынц туристтæ, – загъта Амиран.

Канд Мæргъийы-фыртæй уæлдай ма дзы ис ноджыдæр уæйгæнджытæ, сæ тæрхæджытыл сын фенæн ис тинтычъийæ, къуымбилæй, хъæдæй æмæ авгæй конд дзаумæттæ. Иууылдæр сты нæхи ирыстойнаг æрмадзты арæзт продукци. Цæст сæ уындæй райы, фæлæ сæ æргътæ та куыдзау хæцынц. Уыимæ, алы нымæтхуд æмæ цъындайыл дæр Ирыстоны тырысайы эмблемæ хуыд. Тырысайы ахадындзинадæн паддзахадон вазыгджын нысаниуæг и æмæ дзы базар кæныны мадзæлтты пайда кæнын раст хъуыддаг нæу. Алцæмæндæр закъоны домæнтæ фыст ис, æмæ сæ æххæст кæнын хъæуы, куыд æмбæлы, афтæ. Фæлæ, æхцайы заман у, капитализмы дуг æмæ кæй куыд фæнды, афтæ амæлттæ кæны.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ


Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц,
**МАМИАТЫ-БЫРНАЦТЫ**
**Заретæ Матвейы чызг**
кæй амард, уый фæдыл.
Зиан рахæсдзысты æртыццæджы, 2 сентябры, Къостайыхъæуы, Калойы-фырты уынджы 1-æм хæдзарæй.

Фидараты бинонтæ Юрий æмæ Маринæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Мамиаты Арсен æмæ Джульеттæйæн, сæ мад
**МАМИАТЫ-БЫРНАЦТЫ**
**Заретæ Матвейы чызг**
кæй амард, уый фæдыл.

**Обслуживание колонок и котлов.**
**Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Выполняем ремонтные работы:**
**шпаклевка, обои, карнизы, откосы,**
**покраска, ламинат.**
**Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Металлоизделия:**
**ворота, двери,**
**навесы из лексана,**
**металлоконструкции**
**любой сложности.**
**Тел.:**
**8-928-928-88-24.**





**Инвентаризация плодового сада!**
**Профессиональный садовод,**
**после визуальной оценки сада, срубит старые,**
**выработавшие свой ресурс плодовые деревья.**
**Работаю по принципу «Как себе!»**
**Тел.: 8-928 856-90-89;**
**8-928-856-90-83 (Руслан).**



Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гаглойты Наташæ.**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 950. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**